

## REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**EGZAMEN REGENTS POU ISTWA AK  
JEWOGRAFI JENERAL II (NIVO 10)****Vandredi** 17 jen 2022 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la \_\_\_\_\_

Non Lekòl la \_\_\_\_\_

**Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.**

Ekri non w ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa. Suiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou an. Ansuit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj ti liv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn tout kesyon ki nan **tout** pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonse pou w ekri repons pou Pati II ak III.

**Pati I** an gen 28 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

**Pati II** gen de (2) seri kesyon pou repons konstwi (KPK). Chak seri kesyon pou repons konstwi gen 2 dokiman ki mache avèk plizyè kesyon. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon. Ekri repons ou pou kesyon sa yo nan ti liv egzamen an sou liy ki vini apre kesyon sa yo.

**Pati III** a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou senk (5) dokiman. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan ti liv redaksyon an.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.


**PA LOUVRI TI LIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.**

## Pati I

### Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

*Enstriksyon (1–28):* Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak kat jewografik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 1.




Sous: J. M. Roberts, *A History of Europe*, Allen Lane (adapte)

1 Kisa ki te yon faktè ki kontribiye nan devlopman istorik yo montre sou kat jewografik sa a?

- (1) abolisyon komès esklav la
- (2) fòs eta Azyatik yo k ap ogmante deplizanpli a
- (3) mank teknoloji maritim lan
- (4) dezi an pou jwenn mache yo ak matyè premyè yo

Sèvi ak imaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 2 ak 3.



Sous: Philip Dorf, *Visualized World History*, Oxford Book Company

2 Ki deklarasyon enfòmasyon ki nan imaj sa pi byen sipòte?

- (1) Klèje a ak nòb yo te gen mwens pouvwa.
- (2) Twazyèm Eta a te sipòte Premye ak Dezyèm Eta yo.
- (3) Premye Eta a te sipòte Twazyèm Eta a.
- (4) Twa (3) Eta yo te pataje pouvwa ansanm egal ego.

3 Kisa ki te yon (1) efè devlopman istorik yo montre nan imaj sa a?

- (1) Yo te bay wa a koudeta epi yo te entwodui kominis.
- (2) Wa a te vin tounen yon tiran Eklere epi yo te kreye yon gouvènman totalitè.
- (3) Yo te tabli yon repiblik epi yo te koupe tèt wa a.
- (4) Yo te fòme yon direktwa epi wa te rete sou pouvwa li.

Sèvi ak pasaj yo ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 4 ak 5.

. . . Nan anpi Moghul [Mughal] la, kontradiksyon santral la te toujou Endou yo kont Mizilman yo. Legran Akbar te rive jwenn yon aranjman an kèlke sòt, men pitit pitit pitit gason li an Aurangzeb te anile tout politik li yo, epi li te fè aplike Islam òtodòks nan fason estrik, li te restore diskriminasyon kont Endou yo, kraze ti gwoup relijye ki pi piti yo tankou Sik yo, epi globalman li ranplase tolerans ak represyon. Epoutan, ou mèt di sa w vle sou fanatis [patizan antouzyas] ti espri nonm lan, Aurangzeb te yon talan titanik, kidonk non sèlman li kenbe anpi li a ini ansanm, men li te agrandi l. Toutfwa, tout lè sa a, li te simen dezakò [divizyon] ak tansyon ki gen pou eklate pou detwi anpi a kou yo dirijan ki mwen konpetan monte sou pouvwa. . . .

. . . Apèsi sa a nou gen nan mekanis sosyal Otoman an pa menm kòmanse epuize konplikasyon fraktal li a [konpleksite]: gade pi lwen epi fè yon egzamen ki pi apwofondi sou sosyete Otoman an epi ou pral wè menm lòd konpleksite a nan tout nivo. Tout bagay te konekte ak tout lòt bagay epi yo te konekte nan plizyè fason, ki te byen lè tout koneksyon yo te ekilibre epi tout pati yo t ap byen mache. Anpil syèk apre, lè anpi a te antre nan delabreman li an [kondisyon dekadans], tout eleman antrelase yo ak enstitisyon angrene yo [konekte] te vin tounen yon responsablite ki patikilyèman Otoman; konpleksite yo a te vle di ke dezòd nan yon kote oswa yon domèn te tradui misteryezman an dezòd nan yon douzèn lòt kote oswa domèn—men sa te vini pita. Nan sèzyèm syèk la, Anpi Otoman an te yon machin ki t ap byen fonksyone kòm sadwa. . . .

Sous: Tamim Ansary, *Destiny Disrupted: A History of the World Through Islamic Eyes*, Public Affairs

- 4 Baze sou pasaj sa yo, kisa ki se yon resanblans prensipal ant Anpi Mughal la ak Anpi Ottoman lan?
- (1) Konfli sosyal pa te egziste nan okenn nan anpi yo.
  - (2) Chak anpi te viv eksperyans yon peryòd sikse.
  - (3) Chak anpi te dire mwenske yon syèk.
  - (4) Endouyis pa te gen anpil enfliyans sou devlopman youn nan anpi yo.

- 5 Ki deklarasyon ki pi byen eksplike yon rezon ki fè Anpi Mughal la te deklive ak yon rezon ki fè Anpi Otoman an te deklive?
- (1) Lidè Mughal yo pa te efikas, sosyete Otoman an te twò entèkonekte.
  - (2) Sosyete Mughal la te twò sekilè; politik siltan Otoman yo te enkonsistan.
  - (3) Te manke divèsite nan Anpi Mughal la; Anpi Otoman an pa te janm travay nan fason efikas.
  - (4) Sosyete Mughal la pa te prete ase atansyon a gouvènman; gwoup sosyal Otoman yo te twò izole.

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 6.

### Dedikasyon Liv Mary Wollstonecraft la a M. Tallyrand-Périgord

. . . Kontestan dwa fanm, agiman prensipal mwen an baze sou prensip senp sa a, ke si li pa prepare gras a edikasyon pou l vin konpay yon gason, li pral kanpe pwogrè konesans ak vèti; paske tout moun dwe konn sa ki verite, oswa l ap inefikas [li p ap efikas] pa rapò ak enfliyans li genyen sou pratik jeneral. Epi kòman yo ka atann pou yon fanm ko-opere amwenske li konnen poukisa li dwe vètyez la? Amwenske libète ranfòse rezon li jiskaske li konprann devwa li, epi li wè nan ki fason li konekte avèk li vrèman byen? Si yo dwe edike timoun yo pou yo konprann vrè prensip patriyotis la, manman yo dwe yon patriyòt; epi lanmou limanite, kote yon tren vèti byen òdone jayi, ka sèlman pwodui lè yo kondisidere moral ak enterè sivil limanite; men edikasyon ak sityasyon fanm, nan moman an, ekskli l nan ankèt sa yo. . . .

Sous: Mary Wollstonecraft, 1792

6 Ki devlopman istorik zèv literè Wollstonecraft te enfliyanse?

- (1) ogmantasyon nasyonalis Britanik lan      (3) mouvman sifraj fanm lan  
(2) Revolisyon Gloryez la                      (4) mouvman Règ Kay Ilandè a

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 7 ak 8.

Si w te grandi an Iland yo te pale w de Famin lan. Yo te anfonse l [anrasine] nan tèt ou. Nan liv istwa te gen foto fanmi anpile k ap mouri grangou nan ti kounouk yo [lojman senp], menm fanmi sa yo t ap mete deyò—pa mèt kay Anglè yo—epi yo pa t gen kote pou y ale eksepte yon rigòl.

Nan ane 1930 ak 1940 yo, granmoun aje yo nan Vil Limerik te toujou ap chichote tètè Famin sa a ki te frape mwenske 100 tan avan. Yo te di se te fòt Anglè yo. Yo te di se te yon fè ke yo te ekspedye anpil tòn mayi [sereyal] voye lòt peyi pou nouri lame Majeste l la ki te lòtbò dlo. Te gen ase manje pou distribye pou bay tout Iland manje plis pase dis fwa.

Granmoun aje yo te di yo pa t ap janm padone Anglè yo pou sa epi yo espere nou pa t ap padone yo nonplis. . . .

Sous: Frank McCourt, "Scraps and Leftovers: A Meditation," Hyperion

7 Daprè dokiman sa a, kisa ki te yon faktè ki kontribiye nan famin an Iland lan?

- (1) Gouvènman Britanik lan te ekspòte pifò manje yo pwodui an Iland.  
(2) Lame Britanik lan te mobilize jenn kiltivatè Ilandè yo pou al goumen aletranje.  
(3) Kagezon mayi ak pòm detè Britanik yo te an reta akoz move tan.  
(4) Mèt kay yo te mete fanmi Anglè yo deyò lakay yo.

8 Kisa ki te yon rezilta sityasyon ki dekri nan pasaj sa a?

- (1) Mouvman nasyonalis Ilandè a te agrandi.  
(2) Kiltivatè Ilandè yo te detwi danre yo.  
(3) Iland te koupe lyen diplomatik yo ak gouvènman Britanik lan.  
(4) Yo te fòse plizyè milyon Ilandè travay nan koloni Britanik yo.

Sèvi ak dokiman ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 9 ak 10.

### **Konkòda Sèman (nan Restorasyon Meiji a), 1868**

Avèk sèman sa a, nou tabli kòm objektif nou etablisman byen nasyonal [byen piblik] sou yon baz jeneral ak elaborasyon yon konstitisyon ak lwa yo.

1. Asanble deliberatif yo dwe lajman tabli epi se diskisyon piblik ki dwe decide tout sijè.
2. Tout klas yo, wo oswa ba, dwe ini pou yo vivman reyalize administrasyon zafè leta yo.
3. Yo dwe otorize chak moun òdinè, ki pa mwens pase fonksyonè sivil oswa militè yo, pou yo pouswiv pwòp vokasyon yo pou pa gen mekontantman.
4. Yo dwe elimine move koutim tan pase yo epi baze tout bagay sou lwa jis Lanati yo.
5. Yo dwe chache konesans toupatou nan mond lan pou ka ranfòse fondasyon rejim enperyal yo.

Sous: Wm. Theodore de Bary, ed., et al., *Sources of Japanese Tradition*, Columbia University Press

9 Baze sou objektif ki prezante nan Konkòda Sèman an, yo ka pi byen dedui ke

- (1) anperè a pa te yon senbòl pouvwa ankò
- (2) samouray yo te kontwole diskisyon piblik yo dirèkteman
- (3) gouvènman Japonè a te ankouraje aprantisaj oksidantal
- (4) yo te ekskli klas ki pi ba yo nan sosyete Japonèz la nan gouvènman

10 Ki evènman ki te pi dirèkteman lakoz yo pibliye Konkòda Sèman 1868 la?

- (1) viktwa Grann Bretay nan Lagè Opyòm lan
- (2) defèt Larisi nan Lagè Risi-Japon an
- (3) etablisman yon pò separe pou komèsan Olandè yo
- (4) efondreman Tokugawa Shogunate an

Sèvi ak desen ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 11.

### KRIM EPÒK YO. KIYÈS KI TE FÈ L?




Sous: John McCutcheon, *The Chicago Tribune*, August 5, 1914 (adapte)

11 Ki deklarasyon ki pi byen reprezante pwendvi desinatè a?

- (1) Travay ansanm pral retabli lapè an Ewòp.
- (2) Almay nan pi bon pozisyon pou yo reyanime lapè an Ewòp.
- (3) Nasyon Itali pa te koupab pou okenn krim an Ewòp.
- (4) Gen anpil repwòch ki ka fèt pou lanmò lapè an Ewòp.

Sèvi ak kat jewografik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 12.



Sous: Martin Gilbert, *The Routledge Atlas of the First World War*, Routledge, 2008

12 Kisa ki te yon rezilta enpòtan desizyon Almay te pran pou yo itilize Plan Schlieffen lan an 1914?

- (1) Fransè yo ak Alman yo t ap plede goumen atravè tranche yo.
- (2) Soumaren Britanik yo te vin ede Alman yo bat Lafrans.
- (3) Sèbi ak Otrich-Ongri te atake Almay ak Lafrans.
- (4) Larisi te aplike presyon diplomatik pou yo rive konkli yon akò lapè ant Almay ak Lafrans.



Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 13 ak 14.

**Deskripsyon eksperyans Deng Yingchao, ki se yon jenn fanm Chinwaz  
pandan manifestasyon 1919 yo**

Lè Mouvman Kat Me a te fèt an 1919, mwen te gen sèlman sèzan (16), mwen te yon etidyan nan lekòl Tianjin Women's Normal College.... Nan dat 4 Me 1919, etidyan yo nan Peken te òganize yon manifestasyon ki mande gouvènman pou yo refize siyen Trete Lapè Vèsay la epi pou yo pini trèt nasyonal yo. Nan endiyasyon yo [mekontantman], yo te boule kay Zhaojialou epi yo te bat Lu Zhongxiang, ki te anwaye Chinwa nan Japon lè sa a. Jou apre a, lè nouvel la te rive Tianjin, li te pwovoke endiyasyon etidyan yo la ba ki te òganize pwòp manifestasyon pa yo nan dat 7 Me. Yo te kòmanse avèk òganize sosyete patriyotik sa yo tankou Linyon Etidyan Tianjin, Sosyete Patriyotik Fanm Tianjin, ak Asosyasyon Sovtaj Nasyonal Tianjin. Nou pa te gen okenn teyori politik pou gide nou alepòk, sèlman antouzyas patriyotik byen djanm nou an. Anplis de demann etidyan Peken yo, nou te mande "Anile [rejte] Venteyen (21) Demann yo!" "Bòykote Machandiz Japonè yo!" epi "Achte pwodui yo fabrike nan Lachin!" Anplis de sa, nou te kategorikman refize vin esklav puisans etranje yo! . .

Sous: Patricia Buckley Ebrey, *Chinese Civilization: A Sourcebook*, The Free Press

13 Baze sou pasaj sa a, ki objektif manifestasyon ki te fèt nan Tianjin nan dat 7 Me a?

- (1) pou kondane lagè entènasyonal yo
- (2) pou demontre fyète nasyonal
- (3) pou sipòte entèdepandans ekonomik
- (4) pou kritike revolisyonè pwogresif yo

14 Ki deklarasyon pasaj sa a pi byen sipòte?

- (1) Modènizasyon endistriyèl te an reta akòz inegalite pami sèks yo nan anviwònman travay.
- (2) Fanm yo dwe okipe pòs lidèchip yo nan biznis ak gouvènman.
- (3) Gouvènman ak sosyete a dwe retounen nan yon depandans sou prensip Konfisyen yo.
- (4) Konsomatè yo dwe chwazi achte machandiz yo fabrike nan peyi lakay yo.

Sèvi ak istwa ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 15 ak 16.

Sitasyon ki anba la se deklarasyon Denys, ki te yon ofisyè Britanik ki t ap sèvi nan Lame Endyèn Britanik lan an 1947, lè yo te fè entèvyou avèk li nan kad pwojè “Vwa Patisyon yo”.

“Nou te ase mège sou tèren an apati Out 1947. Nan Jou Endepandans lan mwen te nan Lawò nan wout pou m tounen an Angletè. Mwen sonje te gen moun ki t ap banm lamèn, ki t ap di, ‘Mèsi. Mèsi paske w ban nou endepandans.’

“Estasyon an te gen kò rive jis nan jenou. Se te yon epòk tèrib. Tren yo ki soti nan yon direksyon ki te plen Sik ak Endou ki mouri epi tren yo ki soti nan lòt direksyon ki plen Mizilman ki mouri.

“Nou tout – tankou moun tankou m yo, ofisyè Britanik yo – te santi ke Patisyon an te ale twò rapid. Yo pa te byen panse tout bagay la nèt.

“Mwen panse gouvènman Britanik lan alepòk te dezire fè l byen rapid. Se te yon gwo erè.”

Sous: “A Country Divided: How it affected me,” *BBC News* online

15 Baze sou istwa Denys lan, ki sitiasyon ki te devlope pandan patisyon peyi Lend lan?

- (1) Twoup Britanik yo te sezi kontwòl tren yo.
- (2) Lend te vin tounen yon manda pou Grann Bretay.
- (3) Konfli etnik ak relijye te ogmante sou fwontyè yo.
- (4) Pakistan te enstale yon rejim kominis.

16 Ki deklarasyon ki pi byen sipòte konklizyon ke Denys se yon sous prèv ki fyab konsènan patisyon Lend lan?

- (1) Li bay egzanp agresyon moun Endyèn yo te montre vizavi sòlda Britanik yo.
- (2) Li mete detay ki sipòte pozisyon gouvènman Britanik lan konsènan divizyon Lend Britanik lan.
- (3) Li rapòte ke Lend te mande pou yo kontinye ede lame Britanik lan.
- (4) Li bay yon istwa temwen okilè ki dekri sa l te wè nan Jou Endepandans lan.

Sèvi ak kat jewografik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 17 ak 18.

**Koulwa Lè Bèlen yo, Novanm 1948**



Sous: Illingworth Collection, *From Warfare to Welfare: 1939–1959*, National Library of Wales, 2008

17 Ki politik ki pi pwòchman asosye ak evènman yo montre nan kat jewografik sa a?

- (1) detant
- (2) perestwoyika
- (3) izòlman
- (4) non-aliyman

18 Yo te rezoud sitiyaasyon kat jewografik sa a montre a lè

- (1) Joseph Stalin te bay lòd mete fen nan blokaj la
- (2) Winston Churchill te pwononse diskou “Rido Fè” a
- (3) Nasyonzini te negosye onon Almay De Lès
- (4) Òganizasyon Trete Atlantik Nò a (OTAN) te menase itilize zam atomik yo

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 19 ak 20.

Fanm Iranyèn yo te fè anpil pwogrè pandan epòk Pahlavi a (1925–1979). Edikasyon pou ni tifi ni ti gason te gratis. Lè Inivèsite Teyeran te ouvri an 1936, premye inivèsite Iran an te aksepte ni gason ni fi. An 1963, fanm yo te reyisi gen dwa pou vote ak poze kandidati pou palman. Nan kad Lwa sou Pwoteksyon Fanmi an, fanm yo te reyisi gen dwa pou mande divòs epi gen gad timoun. Yon mari pa ka divòse madanm li inilateralman [san dizon madanm lan] ankò oswa gen gad timoun yo otomatikman. Yo te elve laj maryaj pou tifi yo soti 13 zan vin 18 tan. Epi gason yo te bezwen otorizasyon tribinal pou yo pran yon dezyèm madanm. Apati 1978, lavèy revolisyon Iran an, 22 fanm te chita nan palman epi 333 fanm te okipe pòs konseye minisipal eli. Yon tyè etidyan inivèsite yo te fanm. De (2) milyon fanm te nan mendèv la, plis pase 146,000 pami yo nan sèvis sivil. . . .

Anba lidè revolisyonè Ayatollah Ruhollah Khomeini, nouvo tewokrasi Iran te bay tradisyon islamik yo priyorite sou koutim [pratik] modèn yo. Youn nan premye aksyon gouvènman revolisyonè a te fè se te sispann Lwa sou Pwoteksyon Fanmi an epi demantle Tribinal Familyal yo. Gason yo te tounen kapab divòse madanm yo pa mwayen deklarasyon senp; yo te vin genyen gad ekskliziv timoun yo ankò. Fanm yo pa te ka mande divòs ankò amwenske yo te tabli [deklare byen klè] dwa sa a nan kontra maryaj yo, epi yo te pèdi dwa pou gen gad timoun yo. Yo te retire restriksyon sou poligami yo tou. Yo te redui laj maryaj pou tifi yo vin nan laj pibète, ki se nevan (9) dapre lwa Islamik. An 1981, palman te apwouve Lwa Retribisyon Islamik lan, ki entwodui fwete, kout wòch ak peman lajan san pou krim soti nan adiltè rive nan vyolasyon kòd abiman Islamik yo. . . .

Sous: Haleh Esfandiari, "The Iran Primer," *United States Institute of Peace* online

19 Baze sou pasaj sa a, ki konklizyon ki ka tire konsènan tansyon ant tradisyon ak modènite nan Iran?

- (1) Avan revolisyon an, Pahlavi yo te ankouraje moun yo rete nan limit nòm islamik tradisyonèl yo.
- (2) Nouvo gouvènman tewokrat la te ankouraje modènite ak agrandisman dwa yo.
- (3) Revolisyonè Ayatollah Khomeini yo te an favè yon sosyete patriyakal ki pi tradisyonèl.
- (4) Apre revolisyon an, limitasyon yo te mete sou gason nan sosyete Iranyèn lan te jennen mouvman anvè modènite a.

20 Baze sou pasaj sa a, kijan Revolisyon Iranyèn 1979 la te afekte lavi fanm yo?

- (1) Yo te ogmante laj legal pou maryaj la vin 18 tan.
- (2) Yo te premye akòde fanm yo dwa pou yo poze kandidati yo pou palman epi ede kreye lwa yo.
- (3) Lwa sou Pwoteksyon Fanmi an te otorize fanm yo fè demann divòs.
- (4) Dwa legal fanm yo te vin plis limite lè yo te demantle Tribinal Familyal yo.

Sèvi ak pasaj yo ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 21 ak 22.

### Pasaj A

. . . Mwen swete itilize pwòp mo m te itilize pandan pwosè mwen an 1964. Yo toujou vrè jounen jodi a menm jan ak alepòk. Mwen te ekri: Mwen te lite kont dominasyon blan, epi mwen te lite kont dominasyon nwa. Mwen te byen renmen lide yon sosyete demokratik ak lib kote tout moun viv ansanm an amoni epi yo gen menm chans.

Se yon ideyal ke m swete viv pou li epi rive reyalize l. Men si nesèsè, se yon ideyal mwen prè pou m mouri pou li. . . . Zanmi m yo, mwen pa gen mo powetik pou m ofri jodi a eksepte m ap di nou rès jou m rete pou m viv yo nan men nou. Mwen swete nou pral gaye an disiplin. Epi pa gen yon grenn nan nou ki dwe fè okenn bagay ki pral fè lòt moun di ke nou paka kontwole pwòp pèp nou.

Sous: Transcript of Nelson Mandela's speech "Africa It Is Ours!," February 10, 1990

### Pasaj B

. . . Peyi nou ak tout moun ki ladan te mele [enplike] nan konfli, tansyon ak lit vyolan depi plizyè deseni. Li lè pou nou kase chèn vyolans lan epi franchi nan lapè ak rekonsilyasyon. Majorite silansyez la byen anvi sa a. Jenès la merite l.

Gras a mezi Gouvènman an te pran yo li te pwouve bòn fwa li epi tab la sèvi pou lidè sansib yo kòmanse pale de yon nouvo wout [direksyon], pou rive jwenn yon antant pa mwayen dyalòg ak diskisyon.

Ajanda a ouvri epi objektif global nou ap aspire atenn lan dwe akseptab pou tout Sid Afriken rezonab yo.

Pami lòt bagay ankò, objektif sa yo ki gen ladan yon nouvo konstitisyon demokratik; franchiz inivèsèl [vòt]; san dominasyon; egalite devan yon sistèm jidisyè endepandan; pwoteksyon minorite yo ansanm ak dwa moun; libète relijyon; yon ekonomi djanm baze sou prensip ekonomik pwouve ak sosyete prive; pwogram dinamik ki vize amelyore edikasyon, sèvis sante, lojman ak kondisyon sosyal pou tout moun. . . .

Sous: F. W. de Klerk, speech at the opening of Parliament, February 2, 1990

21 Dapre Pasaj A ak B a, toude nonm yo ap fè efò pou yo fè kisa?

- (1) mennen manifestasyon an mas nan Afrik Disid
- (2) rivalize pou pouvwa politik nan Afrik Disid
- (3) mentni diskriminasyon nan Afrik Disid
- (4) mete fen nan konfli rasyal nan Afrik Disid

22 Ki politik ki la depi byen lontan ki te enfluyans aksyon ak mo Nelson Mandela ak F. W. de Klerk te eksprime nan pasaj sa yo?

- (1) priz desizyon tribal
- (2) kowoperasyon entènasyonal
- (3) apated
- (4) non-agresyon

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 23 ak 24.

Nou reyalize ke demann pou respekte dwa moun yo se yon zak revolisyonè, ke pou kesyone gouvènman an sou pote timoun nou yo tounen vivan te yon zak revolisyonè. Nou ap lite pou liberasyon, pou n viv nan libète, epi sa se yon zak revolizyonè. Jou ki p ap gen grangou ankò, lè yo rann jistis, lè asasen yo nan prizon, se lè sa nou pral akonpli yon revolizyon. Pou transfòme yon sistèm se toujou yon revolizyon.

Manman Plaza de Mayo yo



**Manman yo “mete bouwo yo nan prizon” an 1987 avèk miray yo te poste devan parad militè a.**

Sous: Marguerite G. Bouvard,  
“Revolutionizing Motherhood: The Mothers of the Plaza de Mayo,”  
*National Geographic*, December 1984 (adapte)

23 Ki pwoblèm Manman Plaza de Mayo yo (Mothers of the Plaza de Mayo) te abòde?

- (1) dominasyon opresan anba yon diktati militè
- (2) mank opòtinite travay
- (3) yon politik pirifikasyon etnik
- (4) bezwen pou refòm edikatif lan

24 Ki metòd prensipal Manman Plaza de Mayo yo (Mothers of the Plaza de Mayo) te itilize pou yo rive atenn objektif yo?

- (1) fè atak teworis kont sitwayen sivil yo
- (2) òganize manifestasyon non-vyolan yo
- (3) òganize yon koudeta kont gouvènman an
- (4) bòkote kòporasyon entènasyonal yo

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 25 ak 26.

. . . Lè yo te elve fanm yo nan Tyè Mond lan nan estati ki pi wo, yo fè plis pase limite kantite moun ki gen nan fanmi yo; yo se gwoup tou ki pi pwobab pou pran mezi pou ogmante apwovizyonman manje ak kontwòl maladi. Òganizasyon imanitè kominotè yo kwè ke envestisman nan antrepriz fanm yo se pi bon entèkansyon yo ka fè nan nasyon an devlopman yo kote fanm yo fè pifò travay agrikòl. Epi UNICEF te dekouvri pandan ane 1970 yo ke fanm yo te kle pou reyalize mezi sante piblik yo. Fanm edike yo sipòte pwogram vaksinasyon, yo konprann bezwen pou apwovizyonman dlo pwòp, epi yo konvenk manm fanmi yo pou chache èd medikal pwofesyonèl avan tout yon vilaj nèt vin enfekte. . . .

Sous: Linda Grant De Pauw, *Battle Cries and Lullabies: Women in War from Prehistory to the Present*, University of Oklahoma Press

- |  |  |  |
|--|--|--|
| <p>25 Ki sijè ki pi byen sipòte enfòmasyon ki prezante nan pasaj sa a?</p> <p>(1) efikasite Nasyonzini nan rezoud konfli ame</p> <p>(2) wòl fanm yo nan rezoud pwoblèm sosyo-ekonomik yo</p> <p>(3) zòn nan mond lan pwoblèm sekirite alimantè te plis afekte yo</p> <p>(4) efè negatif ibanizasyon genyen sou anviwònman an</p> | <p> </p> <p> </p> <p> </p> <p> </p> <p> </p> <p> </p> <p> </p> <p> </p> <p> </p> <p> </p> <p> </p> | <p>26 Dapre pasaj sa a, UNICEF t ap gen plis chans sipòte kiyès nan mezi sa yo nan mond an vwa devlopman an?</p> <p>(1) ofri pwogram edikatif pou fanm yo</p> <p>(2) tabli fòm enèji altènativ pou konbat rechofman planetè</p> <p>(3) ankouraje kominote yo pwomouvwa prensip ak kwayans tradisyonèl yo</p> <p>(4) redui wòl òganizasyon nongouvènmantral yo nan ofri èd ekonomik bay peyi ki nan bezwen yo</p> |
|--|--|--|

Sèvi ak ekstrè diskou ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 27 ak 28.

Chè konsitwayen yo, konpatriyòt yo, Akoz sityasyon ki te evolye kòm konsekans fòmasyon Eta Endepandan Commonwealth yo, avèk dokiman sa a, mwen sispann aktivite mwen yo nan pòs Prezidan Inyon Repiblik Sosyalis Sovyetik yo.

Mwen ap pran desizyon sa a dapre konsiderasyon prensip. Mwen fèmman an favè endepandans nasyon yo ak souvènte pou repiblik yo. Men an menm tan, mwen an favè prezèvasyon eta inyon an ak entegrite peyi sa a.

Devlopman yo te pran yon direksyon diferan. Politik la te triyonfe nan demanbreman peyi sa a ak dezinyon eta a, ki se yon bagay mwen pa ka soutni. . . .

Sous: Mikhail Gorbachev, "Farewell Address," *New York Times*, December 26, 1991

- |   |   |  |
|---|---|--|
| <p>27 Ki politik Mikhail Gorbachev te kòmanse pandan prezidans li ki te kontribiye nan sityasyon ki dekri nan ekstrè a?</p> <p>(1) Risifikasyon</p> <p>(2) kolektivizasyon</p> <p>(3) glasnost</p> <p>(4) reyameman nikleyè</p> | <p> </p> <p> </p> <p> </p> <p> </p> <p> </p> <p> </p> <p> </p> <p> </p> <p> </p> <p> </p> | <p>28 Ki enpòtans diskou Mikhail Gorbachev la genyen?</p> <p>(1) Li te lakoz yon nouvo kous zam nikleyè.</p> <p>(2) Li te siyale fen Lagè Fwad la.</p> <p>(3) Li te predi pwopagasyon kominis nan tout mond lan.</p> <p>(4) Li te lakoz nouvo peyi yo vin fè pati Inyon Sovyetik la.</p> |
|---|---|--|

**Paj sa a rete vid toutespre.**



**Ekri repons ou pou kesyon 29-34b nan espas yo ba ou yo. Sèvi ak yon plim nwa oswa ble fonsè pou reponn kesyon sa yo.**

### **Pati II**

#### **KESYON POU REPONS KONSTWI (KPK) KI MANDE REPONS KOUT**

**Kesyon sa yo baze sou dokiman yo ki mache avèk yo epi ki konsevwa pou teste kompetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Chak seri Kesyon pou Repons Konstwi (KPK) gen 2 dokiman. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.**

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, sonje ekplikasyon sa yo:

**Idantifye**—vle di bay yon non ak oswa nome.

**Eksplike**—vle di fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konpran; pou bay rezon pou oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon yon bagay.

---

#### **Estrikti Seri 1 KPK ki Mande Repons Kout**

- Kesyon 29 itilize Dokiman 1 (Kontèks)
- Kesyon 30 itilize Dokiman 2 (Sous)
- Kesyon 31 itilize Dokiman 1 ak 2 yo (Relasyon ant dokiman yo)

---

#### **Estrikti Seri 2 KPK ki Mande Repons Kout**


- Kesyon 32 itilize Dokiman 1 (Kontèks)
  - Kesyon 33 itilize Dokiman 2 (Sous)
  - Kesyon 34a ak 34b itilize Dokiman 1 ak 2 yo (Relasyon ant dokiman yo)
-

**Enstriksyon yo pou Seri 1 KPK (29–31):** Analyze dokiman yo epi repom kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.


Sèvi ak Dokiman 1 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou repom kesyon 29.

**Dokiman 1**

**Afrik an 1879**



**Afrik an 1914**



Sous: Raymond F. Betts, ed., *The Scramble for Africa: Causes and Dimensions of Empire*, D.C. Heath and Company, 1972 (adapte)

**Kontèks Jewografik**—refere a kote devlopman/evènman sa a ap fèt ak poukisa l ap fèt la.

29 Eksplike kontèks jewografik pou chanjman yo montre sou kat jewografik Afrik yo ant 1879 ak 1914. [1]

---

---

---

Score

**ALE SOU PWOCHEN PAJ LA** ➡

Sèvi ak Dokiman 2 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 30.

## Dokiman 2

E. D. Morel se yon nonm dafè ak refòmè Britanik ki te fèt an Frans ki te atire atansyon sou abi enperyal yo. Li te travay nan yon konpayi ekspedisyon ki baze nan Lond ki te fè biznis ak Bèljik. Li te ekri anpil sou Kongo. Li te ekri *Fado Nonm Nwa a (The Black Man's Burden)* an 1920 kòm yon reyaksyon a powèm Rudyard Kipling lan, “Fado Nonm Blan an” (“The White Man's Burden”).

. . . Pandan twa (3) syèk nonm blan an te sezi plizyè milyon Afriken pou rann yo esklav epi yo te transpòte yo, avèk tout sikonstans kriyote fewòs, travèse al pa lòtbò lanmè. Menm lè sa a Afriken an te siviv epi, nan tè egzil li a, li te miltipliye anpil.

Men sa okipasyon pasyèl nonm blan sou tè li pa te reyisi fè; sa planifikasyon “esfè enfliyans” politik Ewopeyen pa te reyisi fè; sa dikton ak fizi, gwoup esklav yo, travay nan zantray latè ak kout fwèt pa te reyisi fè; sa lawoujòl, saranpyon ak sifilis pa te reyisi fè; sa menm komès esklav yo pa te reyisi fè, pouvwa eksplwatasyon kapitalis modèn lan, ak lèd motè destriksyon modèn yo, ka reyisi ankò nan akonplisman.

Paske nan kèk mechanste dènnye a, yo te aplike ak fè respekte syantifikman, Afriken an pa ka chape. Efè destriktif li yo pa iregilye [periyodik]: yo pèmanan. Nan pèmanans li konsekans fatal li chita. Li pa touye kò a senpleman, men nanm lan. Li kraze lespri a. Li atake Afriken an nan chak tounan, nan chak pwendvi. Li detwi rejim politik li [gouvènman], derasinen l nan tè li, anvayi lavi fanmi l, detwi pouswit ak okipasyon natirèl li yo, reklame tout tan li nèt, fè l vin esklav nan pwòp kay li. . . .

Sous: E. D. Morel, *The Black Man's Burden*,  
The National Labour Press, 1920

30 Baze sou ekstrè ki soti nan *Fado Nonm Nwa a (The Black Man's Burden)*, idantifye pwendvi E. D. Morel konsènan efè enplikasyon Ewopeyen yo an Afrik. [1]

Score

Sèvi ak prèv ki soti nan **toude** Dokiman 1 ak 2 yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 31.

**Kòz**—refere ak yon bagay ki kontribye nan aparasyon yon evènman, ogmantasyon yon lide, oswa mizanplas yon devlopman.

**Efè**—refere ak sa ki pase kòm yon konsekans (rezilta, enpak, aboutisman) yon evènman, yon lide, oswa yon devlopman.

31. Idantifye **ak** eksplike relasyon kòz ak efè ant evènman yo ak/oswa ide yo jwenn nan dokiman sa yo. Asire ou sèvi ak prèv ki soti nan **toude** Dokiman 1 ak 2 yo nan repons ou. [1]

---

---

---

---

---

Score

**Paj sa a rete vid toutespre.**

**Enstriksyon yo pou Seri 2 KPK (32–34b):** Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Sèvi ak Dokiman 1 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 32.

### Dokiman 1

JALALPI, Lend, 5 Avril — Katsan polisye te rive isit la jodi a epi gen 100 anplis ki te al Dandi, kote demen maten Mahatma Gandhi ak patizan l yo te planifye pou yo fabrike sèl apati dlo ki soti nan gòlf Kanbe a. . . .

Nan Dandi aswè a yo t ap prepare pou premye zak dezobeyisans sivil kategorik la. Yo pral travèse dlo mare sale yo epi ranpli po yo ak dlo sèl. Yo pral mete sa yo nan solèy pou yo evapore dlo a epi y ap retire rezidi sèl la pou yo vann.

Yo pral fè premye lavant lan nan ri Amedabad yo, kote manm komite Kongrè Tout Lend lan ap dirije kòlpotaj [lavant] la. Yo di sèl la pa manjab, men lefèt ke yo fabrike ak vann li an senpleman se koz pou vyole lalwa epi akonpli objektif Mesye Gandhi a.

Yo pa te anonse atitud gouvènman an. Viswa a, Lord Irwin, yo te konprann li t ap evite mezi ki pral pwovoke deranjman epi gouvènman pa swete bay Mesye Gandhi estati mati, men twoup Britanik yo sou mizangad, kanmenm. . . .

Sous: Associated Press, "Gandhi Makes Salt, Defying India's Law," *New York Times*, April 6, 1930

32 Eksplike sikonstans istorik ki te lakoz aksyon Gandhi yo nan Lend an 1930. [1]

---

---

---

Score

Sèvi ak Dokiman 2 ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 33.

## Dokiman 2

Nan dat 19 Desanm 1946, Ho Chi Minh te lanse yon apèl pou pèp Vyetnam lan. Apèl sa a te rezilta echèk sese lefe ak Lafrans lan ak mank repons fonksyonè Fransè yo te bay apèl Ho Chi Minh te fè pou negosye yo.

**Deklare Lagè Rezistans!**  
**Yon Apèl pou Pèp Vyetnam lan**

Konpatriyòt yo toupatou nan peyi a!

Pou lanmou nou gen pou lapè nou te fè konsesyon yo [sakrifis yo]. Men plis konsesyon nou te fè, pi lwen kolonyalis Fransè yo te ale paske yo te detèmine pou yo anvayi peyi nou an yon lòt fwa ankò. Non! Nou t ap pito sakrifye tout bagay pase nou pèdi peyi nou an, pase nou retounen nan esklavaj.

Konpatriyòt yo! Ann leve kanpe!

Gason ak fanm, granmoun kou timoun, kèlkeswa kwayans yo, pati politik yo, oswa nasyonlite yo, tout Vyetnamyen yo dwe leve kanpe pou yo lite kont kolonyalis Fransè yo pou sove Tè Papa nou. Sila ki gen fizi yo pral itilize fizi yo. Sila ki gen epe yo pral itilize epe yo. Sila ki pa gen epe yo pral itilize pèl yo, wou yo, ak baton yo. Tout moun dwe fè tout posib pou yo opoze kolonyalis yo epi sove peyi li.

Sòlda yo, gad otodefans yo, manm milisyen yo!

Lè pou liberasyon nasyonal la rive! Nou dwe sakrifye jiska dènye gout san nou pou n sove peyi nou. Kèlkeswa difikilte nou dwe andire, nou prè pou n andire yo. Gras a detèminasyon pou n sakrifye nou, n ap gen laviktwa!

Viv yon Vyetnam endepandan ak inifye!

Viv yon rezistans viktorye!

Sous: Truong Nhu Tang, *A Vietcong Memoir*, Vintage Books, 1986

33 Baze sou ekstrè sa a, idantifye pwendvi Ho Chi Minh konsènan kolonyalis Fransè a. [1]

---

---

---

Score



**Resanblans**—di fason yon bagay sanble oswa menm nan ak yon lòt bagay.

**Diferans**—di fason yon bagay pa sanble oswa pa menm ak yon lòt bagay.

34a-34b Sèvi ak **toude** Dokiman 1 ak 2 yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou:

- a) Idantifye yon resanblans **oswa** yon diferans nan repons Gandhi a ak repons Ho Chi Minh lan fas a kolonizasyon Ewopeyèn. [1]
- b) Eksplike resanblans lan **oswa** diferans lan ou idantifye lè w sèvi ak prèv ki soti nan toude dokiman yo. [1]

---

---

---

---

---

---

---

---

34a Score	<input type="text"/>
34b Score	<input type="text"/>

## Pati III

### (Kesyon 35)

#### REDAKSYON SOU PWOBLÈM PÈSISTAN YO

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ak imaj yo ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te kreye dokiman an.

**Enstriksyon:** Li ak analize chak nan senk (5) dokiman yo epi ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf, ak yon konklizyon. Sèvi ak sa ou konnen nan syans sosyal ak prèy ki soti nan dokiman yo pou sipòte repons ou avèk reyalyte, egzanp ak detay enpòtan.

**Yon pwoblèm pèsistan se yon defi oswa yon pwoblèm yo te debat oswa diskite atravè epòk yo. Yon pwoblèm pèsistan se yonn ke plizyè sosyete te tante adrese ak divès degre siksè.**

**Sa pou fè:**

- Idantifye **ak** eksplike yon pwoblèm pèsistan seri dokiman sa yo souleve
- Agimante poukisa pwoblèm ou te chwazi a enpòtan **ak** fason li te pèsiste atravè epòk yo

#### **Nan redaksyon ou an asire ou**

- Sèvi ak yon entèpretasyon ki istorikman egzak sou *omwen twa (3)* dokiman pou idantifye pwoblèm pèsistan an
- Sèvi ak prèy ki soti nan *omwen twa (3)* dokiman pou eksplike pwoblèm nan
- Agimante ke sa se yon pwoblèm siyifikatif ki te pèsiste nan montre:
  - Fason pwoblèm nan te afekte moun oswa fason moun te afekte li
  - Fason pwoblèm nan te kontinye rete yon pwoblèm oswa fason li te chanje selon epòk yo
- Ajoute enfòmasyon ekstèn enpòtan anplis ki soti nan sa ou konnen nan syans sosyal

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, sonje eksplikasyon sa yo:

**Idantifye**—vle di bay yon non ak oswa nome.

**Eksplike**—vle di fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; bay rezon oswa kòz yo; montre devlopman lojik oswa relasyon yon bagay.

**Agimante**—vle di bay yon seri deklarasyon ki bay prèy ak rezon yo pou sipòte yon konklizyon.

## Dokiman 1

Pandan mitan dizneyèm syèk la, eradike kolera [yon maladi moun pran nan dlo] te gen yon enpòtans fondamantal pou sila yo ki responsab pou metwopolis la. Ant 1831 ak 1866, kat (4) epidemi separe te touye plis pase karant mil Londonyen. Yo pa te konnen anpil enfòmasyon sou koz maladi a alepòk, paske yo te konsidere l jeneralman lye a move lè oswa myasma ki gen Lond lan. Myasmatis yo\* te kenbe enfliyans jiskake Robert Koch te konklizivman pwouve verite sou koz kolera, lè li te dekouvri basil kolera. Prèv syantifik anplis sa a te ranfòse teyori Doktè John Snow te prezante a, ke maladi a te pwopaje pa mwayen enjesyon dlo sal, olye de respirasyon move lè. Byenke koz kolera te sijè pou deba, yo te dakò ke se te fòt poliyon Rivyè Tamiz lan, kote moun Lond yo te pran dlo pou yo bwè. Li te klè ke yo te bezwen fè yon bagay pou reponn a pwoblèm sa a, toufwa, eta dezòganize gouvènman lokal anndan Lond te anpeche yo konkretize [fini] anpil dispozitif [plan]. Gouvènman lokal la te baze sou pawas legliz yo epi enterè patikilye ki te kenbe enfliyans lan te raman saj ase pou yo wè odela de enterè etwat pawas lokal yo an favè enterè jeneral Lond kòm yon vil li menm. Lwa sou Komisyon Egou Metwopoliten 1848 la ke refòmè sante Edwin Chadwick te fè pase a, te eseye nan yon fason limite pou pwovoke yon sistèm jesyon dlo jeneral pou tout Lond. Toutfwa, li pa te janm puisan oswa desiziv ase pou reyalize chanjman ki te nesèsè pou yon pwogram refòm jeneral pou tout Lond.

Apati 1850, kwasans popilasyon an ak ensepsyon twalèt ijyenik [twalèt anndan], ke Gran Ekspozisyon an te popilarize an 1851, te lakoz fòs septik kay yo inefikas epi ap debòde. Twalèt ijyenik yo te rezon ki fè fwaye yo pwodui prèske san (100) galon dechè anplis pa jou an mwayèn. An 1848, pou yo te ka elimine pwoblèm sa a, Komisyon Egou Metwopolis la te mande pou fòs septik yo ak drenaj kay yo konekte ak egou yo, ke yo te vide, san filtre nan Rivyè Tamiz lan. Sa te rann pwoblèm lan vin pi mal ankò epi li te kategorikman transfòme vwa navigab prensipal Lond lan vin tounen yon egou ouvè. . . .

Sous: Chad Hansen, "The Big Thames Clean Up," *Cholera and the Thames* online

\* myasmatis yo: moun ki kwè maladi te pwopaje pa mwayen move lè

## Dokiman 2

. . . Toutfwa, pa gen anyen ki te deklanche [lako]z kriz dlo a plis pase twa (3) deseni kwasans endistriyèl danjre. Esò ekonomik Lachin lan, nan yon simetri san pitye, te alimante yon efondman anviwònmantal egal ak opoze. Nan kous pou vin pwochè grand puisans mondyal la, Lachin pa te sèlman seche rivyè ak akwifè [sous dlo anba tè] li yo paske yo abandone yo; li te polye tou rès ki rete a nan fason ki tèlman iranvèsab ke Bank Mondyal avèti ap gen “konsekans katastwofik pou jenerasyon alavni yo.” . . .

Vwayaj epik sou Rivyè Jòn pou travèse rejyon nò Lachin lan se yon pris yo ka itilize pou wè kriz dlo k ap devlope nan peyi a. Soti nan nomad Tibèt yo k ap kite tè zansèt yo ki toupre sous rivyè a pou al nan “vilaj kansè” deperisan [k ap soufri] an silans toupre dèlta, Manman Rivyè a mete yon fas imen sou pri destriksyon anviwònmantal la. Men li montre tou fason ijans sa a ap choke gouvènman—ak yon ti pòsyon nan aktivis anviwònmantal yo—pou yo pase alaksyon. Desten Rivyè Jòn lan toujou menase. . . .

Antanke yon anplwaye Green Camel Bell, yon gwoup anviwònmantalis ki nan zòn lwès Lanzou, Jiang ap fè swivi sou yon tras enfòmasyon ke izin [papyè] a ap jete dechè chimik san trete nan tribitè Rivyè Jòn lan. Gen anpil santèn faktori ozalantou Lanzou, ki se yon ansyen kontwa echanj pou Wout Swa ki te transfòm [chanje] vin yon sant petwochimik. An 2006, twa (3) debòdman endistriyèl te fè Rivyè Jòn lan vin wouj. Yon lòt ankò te fè l tounen blan. Sa a menm li tente tribitè a ak yon ton mawon toksik. Lè Jiang retounen nan biwo a, l ap voye done GPS yo nan imèl bay Peken epi l ap telechaje yo nan yon “kat jewografik pou polisyon” ki sou entènèt pou tout mond lan ka wè. . . .

Sous: Brook Larmer, “Bitter Waters: Can China save the Yellow—its Mother River?”  
*National Geographic Magazine* online, May 2008

## Dokiman 3

### Lirik yo ak Latrin yo

Feliciano dos Santos, ki se chantè prensipal gwoup Massuko a, se yon anviwònmantalis enfliyen ki te travay pou bay dlo pwòp nan vilaj Nyasa, Mozanbik.

. . . An 2000, Santos te fonde yon òganizasyon san bi likratif yo rele Estamos, ki gen pou misyon pou yo bay dlo pwòp toupatou nan Nyasa gras a enstalasyon ponp plis enstalasyon yon sistèm sanitè dirab ki pa koute chè.

Pwojè a ap reyisi. Moun nan vilaj yo te enstale anpil milye twalèt pòtab “EcoSan” yo. Enstalasyon sa yo se liy fizik ki anpeche bakteri yo enfiltre nan apwovizyonman dlo anba tè a. Apre sis (6) mwa konpostaj, kontni yo vin tounen angrè ke kiltivatè yo ka itilize an tout sekirite nan jaden yo. Pou premye fwa a, Nyasa a gen yon sistèm sanitè ridimantè [debaz].

Anplis, Santos ap itilize mizik pou l anseye moun pi bon ijyèn, oswa pratik pou rete pwòp pou prevni maladi. Youn nan chante ki pi popilè Massukos yo te rele “Tissambe Manja,” ki vle di “Lave Men Nou.” “Dlo pwòp se yon dwa moun fondamantal, poutan anpil moun pa genyen l” Santos di. “M ap itilize mizik pou m sèvi kòm vwa pou moun ki pa gen vwa.”

Sous: Andrew J. Milson, *Global Issues: Health*,  
National Geographic Learning, Cengage Learning, 2014

### Sezi Dlo nan Men Jenerasyon Lavni yo

Suresh Ponnusami te chita sou galri li akote wout la osid ti vil tekstil Lend yo rele Tiripi a. Li pa te rich, men antanke mèt yon fèm ki mezire de (2) kawo nan rak bwa yon peyi an vwa devlopman, li t ap byen viv. Li te gen yon televizyon, yon machin, ak yon bòn pou pote bwason pou li epi asire wòb Endyèn tradisyonèl blan li yo byen lave fre chak maten.

Sous richès li, jan li te di, te yon gran rezèvwa dlo akote kay li a. Epi pandan n ap pale, yon kamyon sitèn parèt bò wout la. Chofè a te lage yon gwo konbèlann ki sot nan kamyon li an nan rezèvwa a epi li te kòmanse rale kontni yo.

Ponnusami te eksplike: “M pa plante danre ankò, mwen kiltive dlo. Kamyon sitèn yo vini anviwon dis (10) fwa pa jou. Mwen pa gen anyen pou m fè eksepte kenbe rezèvwa m lan plen.” “Pou m fè sa a, mwen te fouye twou foraj fon nan wòch yo anba tèren an, epi mwen te antre ponp yo ki te pote dlo a vin sou sifas 24 èdtan pa jou. Li te vann chak kamyon sitèn pou anviwon kat (4) dola. “M ap fè bon lajan, epi pa gen risk” li te di. “Pandan gen dlo toujou.” . . .

N ap vide rezèvwa natirèl jeyan sa yo byen pi rapid pase dlo lapli yo ka ranpli yo. Nap freyatik yo ap desann, nou bezwen fouye pi yo pi fon pase jamè, epi ponp yo dwe vin deplizanpli pi gwo. N ap mine dlo kounye a sa ta dwe yon dwa nesans pou jenerasyon alavni yo.

Nan Lend, y ap pran dlo pou endistri, pou vil yo epi espesyalman pou agrikilti. Yon peyi ki te gen yon famin global nan tan pase, Lend te viv yon revolisyon pandan dezyèm mwatye syèk ki sot pase a. Kounye a Lend pwodui ase manje pou l nourri tout pèp li a nèt; lefèt ke anpil Endyen toujou grangou jounen jodi a se yon kastèt ekonomik ak politik, paske peyi a ekspòte diri.

Men sa ka pa dire. Chèchè yo estime ke yon ka nan manje Lend yo irige ak dlo ki soti anba tè ke lanati p ap ranplase. Revolisyon an ap viv sou dlo prete ak tan prete. Kiyès ki pral nourri Lend lè dlo a fini?

Pèsòn pa konnen ki kantite dlo ki antere anba pye nou yo. Men nou konnen ke y ap vide rezèv yo deplizanpli. Kriz la se yon kriz global epi l ap agrandi, men li toujou rete an grand pati lwen zye, lwen kè. . . .

Sous: Fred Pearce, “Grabbing Water From Future Generations,”  
*National Geographic News* online, December 20, 2012

# KALITE DLO

Youn (1) nan nèf (9) moun nan lemond antye pa gen aksè pou yo amelyore sous dlo potab yo epi youn (1) nan twa (3) manke sistèm sanitasyon amelyore.

Sous prensipal polisyon dlo yo soti nan kolonizasyon imèn ak aktivite endistriyèl ak aktivite agrikòl yo.

- 80% dlo ize nan peyi an vwa devlopman yo dechaje san trete dirèkteman nan etandi dlo yo.
- Yo estime endistri a jete 300-400 MT dechè polye nan dlo yo chak ane.
- Nitrat ki soti nan agrikilti se kontaminan chimik ki pi kouran ki nan akwifè anba tè nan mond lan.

**APEPRÈ 3.5 MILYON MOUN MOURI CHAK ANE AKOZ APWOVIZYÒNMAN DLO, SISTÈM SANITASYON AK IJYÈN INADAPTE.**

**BYODIVÈSITE EKOSISTÈM DLO FRÈCH YO TE DEGRADE PLIS PASE TOUT LÒT EKOSISTÈM.**

UN WATER.ORG

UN WATER World Water Day 2013 International Year of Water Cooperation

Sous: UN Water Day 2013 International Year of Water Cooperation, *United Nations Water* online (adapte)

\* MT se tòn metrik

## PAJ PLANIFIKASYON FAKILTATIF

### Paj Planifikasyon Pwoblèm Pèsistan yo

Ou ka sèvi ak òganizatè Paj Planifikasyon pou planifye repons ou si ou dezire, men PA ekri repons redaksyon ou a sou paj sa a. Ekriti sou Paj Planifikasyon sa a **PA** pral konte nan nòt final ou.

Pwoblèm Pèsistan Mwen se: \_\_\_\_\_

Egzijans Redaksyon yo	Wi	Ansèkle dokiman ki aplike yo	Yonn (1) oswa de (2) lide posib pou enfòmasyon ekstèn
Èske gen <i>omwen twa (3)</i> dokiman ki sipòte pwoblèm sa a?  Ki dokiman yo ki sipòte pwoblèm sa a?		1   2   3   4   5	
Ki dokiman yo ki ka itilize pou devlope definisyon pou pwoblèm sa a?		1   2   3   4   5	
Èske pwoblèm sa a te afekte siyifikativman moun oswa èske moun te afekte li?  Nan ki dokiman oswa dokiman yo ou wè sa?		1   2   3   4   5	
Èske pwoblèm sa a te pèsiste oswa te chanje apre yon tan?  Nan ki dokiman oswa dokiman yo ou wè sa?		1   2   3   4   5	

Refere ankò ak paj 26 pou revize sa pou fè.

Ekri redaksyon ou sou paj an liy yo nan ti liv redaksyon an.

